

# POLITIK JISTIS pou ANVIWÒNMAN BIWO EGZEKITIF pou AFÈ ENÈJI AK ANVIWÒNMAN

“Moun dwe gen dwa pou yo jwenn lè pwòp ak dlo pwòp, pou yo pa tandem bwi ki egzajere ak bwi ki pa nesesè, ak pou yo jwenn kalite natirèl, panoramik, istorik ak estetik anviwònman yo; epitou yo deklare pwoteksyon moun yo nan dwa yo pou konsèvasyon, devlopman ak itilizasyon resous agrikòl, resous mineral, forè, dlo, lè ak lòt resous natirèl dwe se yon objektif piblik.”

*Konstitisyon Eta Massachusetts, Atik 97.*

## PREFAS

Biwo Egzekitif pou Afè Enèji ak Anviwònman [Executive Office of Energy and Environmental Affairs (EEA)] responsab pou kreye gwo politik sou enèji ak anviwònman. Nou egzekite politik EEA avèk yon kantite ajans ak divizyon ki tonbe anba kontwòl Sekretarya EEA. Kèk nan ajans ak divizyon sa yo se Depatman Resous Agrikòl (Department of Agricultural Resources), Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (Department of Conservation and Recreation), Depatman Resous Enèjetik (Department of Energy Resources), Depatman Pwoteksyon Anviwònman [Department of Environmental Protection (MassDEP)], Depatman Lapèch ak Lachas (Department of Fish and Game), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Utilities), Konsèy Administrasyon Enèjetik ki Patisipe nan Odyans (Energy Facilities Siting Board), Biwo Jesyon Zòn Lakòt Massachusetts (Massachusetts Office of Coastal Zone Management), Pwogram Estiyè Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Estuary Program), Divizyon Sèvis Konsèvasyon (Division of Conservation Services), Lapolis Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Environmental Police), Biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts [Massachusetts Environmental Policy Act (MEPA)], Fon pou Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Environmental Trust), Biwo Asistans Teknik ak Teknoloji (Office of Technical Assistance and Technology), Komisyon Resous Dlo (Water Resources Commission), Konsèy Administrasyon Pwofesyonèl pou Sit yo Bay Pèmi (Licensed Site Professional Board) ak Konsèy Administrasyon Pwofesyonèl pou Netwayaj Sit ki Gen Dechè Danjere (Hazardous Waste Site Cleanup Professionals Board).

Politik Jistik pou Anviwònman an (Politik la), yo te pibliye okòmansman nan ane 2002 te prepare toudabò anba kontwòl yon komite konsilitatif moun ki konsène ki rele Komite Konsilitatif pou Jistik pou Anviwònman Massachusetts [Massachusetts Environmental Justice Advisory Committee (MEJAC)]. Komite konsilitatif sa a gen reprezantan nan gwoup kominate lokal, endistri lokal, kominate relijye lokal, akademi lokal, ak kominate endijèn lokal. Direksyon ak vizyon MEJAC te enpòtan anpil pou premye devlopman Politik la. Answit, yo te fòme Politik la avèk kòmantè yo te resevwa pandan yon peryòd kòmantè serye sou sèt (7) mwa, ansanm ak anpil reyinyon ak sesyon diskisyon ki te fèt avèk moun ki entere nan eta a. Epitou devlopman sante Politik orijinal la se te konsèy ak angajman Gwoup Travay sou Jistik pou Anviwònman (Environmental Justice Working Group), ki se yon gwoup moun ki konsène, ki aktif epi ki soti nan anpil ajans nan moman an. Gwoup sa a gen ladan moun ki soti nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection), Depatman Jesyon Anviwònman (Department of Environmental Management), Depatman Aplikasyon Lwa sou Lapèch, Espas Natirèl, ak Anviwònman (Department of Fisheries, Wildlife, and Environmental Law Enforcement), Depatman Manje ak Agrikilti (Department of Food and Agriculture), Komisyon Distri Metropoliten (Metropolitan District Commission), Biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts [Massachusetts Environmental Policy Act (MEPA)], Pwogram sou Basen Idwografik Massachusetts (Massachusetts Watershed

Initiative), Biwo Asistans Teknik (Office of Technical Assistance), Divizyon Sèvis Konsèvasyon (Division of Conservation Services), Biwo Jesyon Zòn Lakòt (Office of Coastal Zone Management), Depatman Devlopman Lojman ak Kominote (Department of Housing and Community Development), ak Depatman Sante Piblik (Department of Public Health).

Lè yo te prepare Politik orijinal la, Sekretè Afè Anviwònman te note anpil kominote, sitou nan zòn deyò lavil ak zòn riral, ki gen kèk gwo defi pandan y ap eseye gide kijan ak ki kote devlopman an ap fèt pandan y ap konsève karaktè kominote yo. Li te note kòmsadwa tout tè arab, forè ak espas ki louvri yo k ap pèdi. Menmsi yo te fè gwo pwogrè anba ansyen Politik la, kominote jodi yo, sitou katye lavil ki peple anpil yo andedan ak toutotou zòn endistriyèl eta a ki la lontan yo, toujou gen kèk defi. Sitwayen k ap viv nan kominote sa yo gen plis chans pou yo viv toupre gwo ak ti sous polisyon ki egziste deja ak ansyen sit ki abandone ak kontamine, ki kapab reprezante risk pou sante piblik la ak pou anviwònman an. Lè rezidan yo asire gen yon anviwònman pou yo viv ki bon pou sante yo ak lè yo amelyore resous ki t ap degrade anvan yo, yo kapab atire nouvo biznis kote enfrastrikti a egziste deja epitou yo kapab kreye nouvo espas louvri ki annamoni avèk karaktè ak bezwen kominote yo. Politik sa a konfime tout kominote yo dwe gen yon vwa ki fò nan desizyon y ap konsènan anviwònman an kèlkeswa ras yo, revni yo, peyi kote yo fèt, oswa konpetans yo nan lang Anglè, epitou li konfime plis envestisman nan konsèvasyon ak amelyorasyon espas louvri Eta a ak rezo pak iben yo dwe rete yon priyorite tou. Answit, yo dwe bay plis atansyon sou kominote yo batí nan ak toutotou ansyen zòn eta a ki gen yon eritaj polisyon anviwònman, sitou nan zòn ki deja gen yon kondisyon sante frajil.

Nan mwa novanm 2014, Gouvènè Deval Patrick te pibliye Dekrè Egzekitif 552 pou ankouraje efò dirab ak san pran souf k ap fèt kounye a ak pidevan pou asire jistis pou anviwònman rete yon priyorite pou branch egzekitif la. Diskisyon sou yon Dekrè Egzekitif [Executive Order (EO)] konsènan Jistis pou Anviwònman an [Environmental Justice (EJ)] te kòmanse nan ane 2011 lè MassDEP t ap travay avèk defansè yo pou planifye anpil Sesyon pou Koute Moun sou EJ tout kote nan eta a ki te konsène diskisyon sou fason pou yo bay priyorite nan kreyasyon yon EJ EO. Nan ane 2013, yo te kreye kèk premye vèsyon pwovizwa EO epi yo fè diskisyon awofondi sou yo ant EEA, reprezantan ajans entèn, ak reprezantan ki te soti nan The Massachusetts Environmental Justice Alliance. Dekrè Egzekitif 552, pamí dispozisyon li yo, te mande Sekretè EEA pou fè modifikasyon nan Politik sa a. EEA te alatèt modifikasyon nan Politik la nan tèt ansanm avèk ajans li yo ak lòt reprezantan entèn empòtan, tankou Depatman Sante Piblik (Department of Public Health). Yo te kreye yon dènye vèsyon pwovizwa pou kòmantè piblik, epi yo te mande yon peryòd 45 jou pou piblik la fè kòmantè. Nan premye 30 jou yo, EEA te òganize kèk sesyon pou koute moun yo toupatou nan eta a, yo te konsantre sou fason pou pwolonje konvèrsasyon an ak sou fason pou bay patisipasyon pou tout piblik la konsènan fason pou finalize Politik yo te fèk modifye a. Anplis modifikasyon nan Politik la, Dekrè Egzekitif 552 endike tout Sekretarya yo dwe gen yon Estrateji EJ ki espesyal pou misyon yo ki montre kijan ajans li yo ap ankouraje jistis pou anviwònman an. EEA pral kreye Estrateji EJ pa li k ap separe avèk Politik la epitou y ap revize Politik EJ ak Estrateji EJ chak senk (5) kan.

## OTORITE LEGAL

Prensip ki endike anba la yo aplike pou aksyon EEA nan limit maksimòm lalwa bay pèmisyon. Chapit 21A, Seksyon 2 Lwa Jeneral Massachusetts dekri fonksyon ak responsablité Biwo Egzekitif pou Afè Enèji ak Anviwònman (Executive Office of Energy and Environmental Affairs). Anjeneral, Seksyon 2 prevwa "biwo a ak depatman ak divizyon awopriye li yo dwe egzekite politik anviwònman leta epi lè y ap fè sa yo dwe. . . (1) devlope règleman, plan ak pwogram pou yo pran responsablité ki afekte pou yo... . . (17) analize epi fè rekòmandasyon...konsènan devlopman politik ak pwogram enèjetik nan eta a... (30) ki annamoni avèk chapit 21N, sipèvize efò ajans eta a pou rezoud ak diminye konsekans

chanjman klima a lè yo kowòdone aksyon ajans eta a pou reyalize limit emisyon gaz efè tèmik yo ki nan chapit 21N...." Gouvènè a te pibliye Dekrè Egzekitif 552 pou "...ankouraje efò dirab ak san pran souf k ap fèt toupatou nan Massachusetts pou yo kapab asire jistis pou anviwònman an rete yon priyorite pou Branch Egzekitif la..."

## **APLIKASYON POLITIK LA**

Politik sa a aplike pou tout ajans, biwo, komisyón, konsèy administrasyon ak lòt enstitisyón ki tonbe anba kontwòl Biwo Egzekitif pou Afè Enèji ak Anviwònman (Executive Office of Energy and Environmental Affairs). Kèk ladan yo se Depatman Resous Agrikòl (Department of Agricultural Resources), Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (Department of Conservation and Recreation), Depatman Resous Enèjetik (Department of Energy Resources), Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection), Depatman Lapèch ak Lachas (Department of Fish and Game), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Utilities), Konsèy Administrasyon Enstalasyon Enèjetik ki Patisipe nan Odyans (Energy Facilities Siting Board), Biwo Jesyon Zòn Lakòt Massachusetts (Massachusetts Office of Coastal Zone Management), Program Estiyè Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Estuary Program), Divizyon Sèvis Konsèvasyon (Division of Conservation Services), Lapolis Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Environmental Police), Biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts [Massachusetts Environmental Policy Act (MEPA)], Fon pou Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Environmental Trust), Biwo Asistans Teknik ak Teknoloji (Office of Technical Assistance and Technology), Komisyón Resous Dlo (Water Resources Commission), Konsèy Administrasyon Pwofesyonèl pou Sit yo Bay Pèmi (Licensed Site Professional Board) ak Konsèy Administrasyon Pwofesyonèl pou Netwayaj Sit ki Gen Dechè Danjere (Hazardous Waste Site Cleanup Professionals Board).

## **DEFINISYON**

***Jistis pou anviwònman baze sou prensip ki endike tout moun gen yon dwa pou yo jwenn pwoteksyon kont polisyon anviwònman epi pou yo viv ak jwi yon anviwònman ki pwòp ak an sante kèlkeswa ras yo, revni yo, peyi kote yo fèt oswa konpetans yo nan lang Anglè. Jistis pou anviwònman se pwoteksyon egalego ak patisipasyon serye tout moun anrapò avèk devlopman, aplikasyon, ak egzekisyon lwa sou enèji, chanjman klima ak anviwònman, règ ak règleman ak distribisyon egalego avantaj enèji ak anviwònman.***

"*Pwodiksyon pi Pwòp*" vle di yon metòd oswa apwòch fabrikasyon pou pwodiksyon manifakti ki baze sou rediksyon itilizasyon toksik ak prevansyon polisyon epi k ap fè anpil efò pou entwodui eleman ki endike anba la yo: rediksyon dechè, pwodiksyon san polisyon, efikasite enèjetik, anviwònman travay ki san danje ak an sante, ak pwodui ak anbalaj ki bon pou anviwònman an.

"*Pwoteksyon Egalego*" vle di pwoteksyon pou tout gwoup moun, kèlkeswa ras yo, revni yo, gwoup etnik yo, kategori yo, sèks yo, oswa andikap yo kont yon pati enjis polisyon nan anviwònman an akòz operasyon endistriyèl, komèsyal, leta ak minisipal oswa aksè limite nan resous natirèl yo, tankou espas vèt (espas ki louvri) ak resous dlo, ak resous enèjetik tankou efikasite enèjetik ak pwodiksyon enèji renouvlab.

"*Avantaj Enèji*" vle di aksè nan finansman, fòmasyon, enèji renouvlab oswa lòt kalite enèji, efikasite enèjetik, oswa lòt resous ki bay avantaj EEA, ajans li yo ak biwo li yo debouse.

"*Avantaj Anviwònman*" vle di aksè nan finansman, espas louvri, aplikasyon, asistans teknik, fòmasyon, oswa lòt resous ki bay avantaj EEA, ajans li yo ak biwo li yo debouse.

"Popilasyon Jistis pou Anviwònman [Environmental Justice (EJ)]" vle di yon katye ki gen revni medyan li ki egal a oswa ki piti pase 65 poustan medyàn eta a oswa 25% popilasyon li se Minorite, Ki Pa Konpetan nan Lang Anglè, oswa poustantaj kansè/anpwazònman avèk plon oswa maladi opresyon sou timoun piti li yo gen plis enpòtans estatistik pase mwayèn eta a.

"Pa Konpetan nan Lang Anglè" vle di fanmi ki, dapre fòm resansman federal, pa gen yon adilt ki konpetan nan lang Anglè.

"Revni Ba" vle di revni anyèl medyan fanmi yo tonbe nan oswa anba 65 poustan revni medyan eta a pou Massachusetts, dapre done resansman federal.

"Patisipasyon Serye" vle di tout katye yo gen dwa pou patisipe nan patenarya avèk gouvènman an nan enèji, chanjman klima, ak desizyon y ap pran konsènan anviwònman an, tankou evalyasyon bezwen, planifikasyon, aplikasyon, konfòmite ak egzekisyon, ak evalyasyon, ak epitou yo dwe fasilité ak ede katye yo sou plan administratif pou yo patisipe nèt avèk mwayen edikasyon ak fòmasyon, epitou yo dwe ankouraje katye yo pou yo devlope jesyon anviwònman, enèji ak chanjman klima.

"MEPA" se Lwa sou Politik Anviwònman the Massachusetts, M.G.L. Chapit 30, Seksyon 61-62I. Anba lwa MEPA, EEA revize konsekans posib aksyon ajans eta a sou anviwònman an ki depase sèten limit kontwòl. MEPA fè publik la patisipe nan revizyon ak kòmantè, epi li dwe respekte dat limit obligatwa toutbon sou dire revizyon yo.

"Minorite" vle di moun ki idantifye tèt yo sou fòm resansman federal kòm moun ki pa blan oswa ki pa Ispanik.

"Katye" vle di yon gwoup blòk ki nan resansman an jan Biwo Resansman Etazini defini sa men ki pa gen ladan moun k ap viv nan dòtwa kolèj yo oswa moun ki anba swen oswa titèl ki otorize ak sipèvize fòmèlman (sètadi, nan prizon federal oswa nan prizon leta); pou done sou sante, katye vle di sektè resansman.

"Pwojè Anviwònman Siplemantè" vle di yon pwojè ki bay avantaj pou anviwònman an nan rezolisyón dosye aplikasyon pou anviwònman an jan sa endike nan "Politik sou Pwojè Anviwònman Siplemantè," Depatman Règleman pou Pwoteksyon Anviwònman ENF-07.001.

"Sante Frajil" vle di sante populasyon kote endikatè sante timoun yo gen plis enpòtans estatistik pase poustantaj yo prevwa/nan eta a.

### **DEKLARASYON OBJEKTIF LA**

Se règleman Biwo Egzekitif pou Afè Enèji ak Anviwònman pou jistis pou anviwònman ki fèt pou se yon konsiderasyon jeneral nan limit lalwa ki anvigè ak akseptab nan egzekisyon tout pwogram EEA, tankou men pa sèlman, sibvansyon resous finansye oswa asistans teknik, piblikasyon, aplikasyon ak egzekisyon lwa, règ, ak règleman, dispozisyon pou aksè nan espas louvri ki aktif ak pasif, varyasyon sous enèji yo, tankou efikasite enèjetik ak pwodiksyon enèji renouvlab.

Sou plan nasyonal, anjeneral yo te rekonèt bezwen pou jistis pou anviwònman an nan kominate moun nwa yo ak nan kominate ki touche revni ba. Politik sa a bati sou gid federal jistis pou anviwònman nan fason ki montre bezwen ak sikoranski espesyal pou Massachusetts. Li sible resous EEA pou sèvi katye ki trè minorité yo/ki touche revni ba nan Massachusetts kote sitwayen yo pi arisk pou yo vin pa konnen oswa pa kapab patisipe nan desizyon y ap pran sou anviwònman, enèji oswa chanjman klima ak/oswa

konsekans sou sante yo. Si EEA travay avèk popilasyon EJ yo, EEA ap fè aksyon dirèk nan aplikasyon Politik sa a pou amelyore resous natirèl ki degrade yo, pou bay plis aksè nan espas louvri yo ak pak yo, pou rezoud risk pou anviwònman an ak sante ki asosye avèk sous polisyon ki egziste deja ak nouvo sous polisyon posib yo, pou abòde chanjman klima yon fason ki apwopriye, epitou pou amelyore kalite jeneral lavi moun lè yo:

- Amelyore possiblite pou sitwayen yo patisipe nan desizyon y ap pran sou anviwònman an, enèji ak chanjman klima a;
- Amelyore revizyon sou anviwònman an konsènan nouvo sous fado oswa sous fado enpòtan k ap ogmante sou anviwònman an nan katye sa yo;
- Asire sitwayen yo prepare ak detèmine pou konsekans chanjman klima epi (tankou omwen efè zile oswa inondasyon), epitou asire konsekans sa yo diminye nèt pandan devlopman an;
- Asire enstalasyon ki egziste deja nan katye sa yo respekte règ ak règleman konsènan anviwònman an, enèji ak chanjman klima a;
- Asire katye sa yo jwenn avantaj nan konsekans pozitif pwogram sou anviwònman an, sibvansyon ak envestisman; epi
- Ankouraje envestisman nan kwasans ekonomik nan katye sa yo kote gen yon enfrastrikti ki egziste deja, sitou kote gen yon possiblite pou amelyore yon sit ki degrade oswa kontamine, epitou ankouraje itilizasyon li pwòp, pwodiktif ak dirab.

Politik sa a pa la pou eliminate oswa pou diminye responsabilite EEA nèt nan okenn fason pou rezoud enkyetid pou jistis pou anviwònman an moun ki deyò popilasyon EJ yo endike. Answit, Politik sa a la pou kore ak amelyore efò EEA pou respekte obligasyon legal yo ki egziste deja nan Tit VI Lwa federal 1964 sou Dwa Sivil, ki aplike pou tout moun k ap resevwa èd lajan gouvènman federal la, tankou ajans EEA yo. Obligasyon sa yo anpeche nenpòt ajans oswa pwogram EEA itilize kritè oswa metòd administrasyon, ki gen konsekans pou lakòz moun yo viktim diskriminasyon akòz ras yo, koulè yo, oswa peyi kote yo fèt. 40 C.F.R. § 7.35(b). Obligasyon sa yo anpeche nenpòt ajans oswa pwogram EEA tou pou yo deklare yon sit apwopriye oswa ki nan yon sant kote 1 ap gen efè diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, oswa peyi kote moun nan fèt. 40 C.F.R. § 7.35(c). Kondisyon egal Tit Vi Lwa federal 1964 sou Dwa Sivil ak 40 C.F.R. Pati 7, Sou-Pati B (“Non-Diskriminasyon na Pwogram k ap Resevwa Èd Gouvènman Federal nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman”) yo enpoze sou moun k ap resevwa èd lajan gouvènman federal entwodui nan Politik sa a avèk referans.

### **Popilasyon EJ**

Popilasyon EJ yo se sègman nan popilasyon an EEA detèmine ki pi arisk pou yo pa konnen oswa pa kapab patisipe nan desizyon y ap pran sou anviwònman an oswa pou yo vin gen aksè nan resous anviwònman leta. Yo defini yo kòm katye (gwooup blòk resansman Biwo Resansman Etazini, oswa pou done sou sante, sektè resansman) ki satisfè *youn oswa plis* nan kritè ki endike anba la yo:

- Revni anyèl medyan fanmi yo tonbe nan oswa anba 65 poustan revni medyan eta a pou Massachusetts; *oswa*
- 25 poustan sitwayen yo se minorite; *oswa*
- 25 poustan sitwayen yo pa gen konpetans nan lang Anglè; *oswa*
- Pousantaj kansè/anpwazònman avèk plon oswa opresyon sou timoun piti gen plis enpòtans estatistik pase mwayèn pou tout eta a.

Jan Dekrè Egzekitif 552 egzije sa, EEA dwe re-egzamine ak revize definisyon “Popilasyon EJ” nan Politik sa a, jan li nesesè. Revizyon sa a dwe gen ladan konsiltasyon avèk Gwoup Travay Ant Ajans yo

sou Jistis pou Anviwònman ak moun ki enterese yo tout kote nan eta a. Answit, yo dwe revize definisyon sa a chak dis (10) zan.

### Fason pou yo Sèvi Popilasyon EJ

Anpil popilasyon EJ ap viv an katye laval ki peple anpil, nan ak toutotou sit endistriyèl ki pi ansyen yo, menmsi kèk ladan yo ap viv nan kominate ki deyò laval ak nan kominate riral. Katye trè minorité/ki touche revni ba sa yo gen ladan yo pafwa yon ti pòsyon zòn tè Eta, men yo ebèje oswa yo toupre anpil sit leta ki kontamine ak abandone, enstalasyon ki kontwole ak sous polisyon. Avèk risk pou anviwònman ak sante moun yo ak konsekans sou kalite lavi ki asosye avèk kondisyon sa yo, Politik sa a idantifye anba la a yon kantite sèvis espesyal Sekretè a, ajans EEA yo ak lòt ajans leta asosye dwe bay pou popilasyon EJ yo. Sèvis sa yo la pou amelyore patisipasyon ak angajman piblik la, pou sible evalyasyon konfòmite ak efò pou bay èd, pou rezoud disparate yo nan sante, pou amelyore revizyon nouvo enstalasyon yo oswa enstalasyon ki egziste deja ki prezante konsekans negatif posib pou sante piblik la oswa pou anviwònman an, epitou pou ankouraje kwasans ekonomik avèk netwayaj ak re-devlopman sit endistriyèl abandone yo.

#### Biwo Sekretè a

- Direktè Jistis pou Anviwònman.** Yo mete Direktè a anplas andedan Biwo Sekretè a. Direktè a aji kòm premye pwen kontak pou tout afè jistis pou anviwònman epitou li dwe kowòdone aplikasyon Politik sa a, swiv pwogrè epitou prepare rapò chak ane pou distribiye ba piblik. Direktè a dwe sèvi tou kòm Prezidan ak òganizatè Gwoup Travay sou Jistis pou Anviwònman Ant Ajans yo ki anplas dapre Dekrè Egzekitif 552.
- Fòmasyon sou EJ.** EEA dwe devlope yon plan pou bay fòmasyon sou jistis pou anviwònman an pou anplwaye EEA yo ak lòt anplwaye sekretarya a sou fason pou aplike Politik sa a kòmsadwa epi avèk efikasite pou asire EJ rete yon priorite pou tout ajans EEA yo. Ekip ki endike anba la a dwe resevwa fòmasyon sou jistis pou anviwònman an: a) ekip ajans EEA ki sèvi kòm pwen kontak pou EJ; b) ekip ajans EEA ki bay lajan sibvansyon pou minisipalite yo, moun yo ak òganizasyon yo pou bay mwayen pou fè antreten oswa reparasyon nan espas louvri yo, nan rivyè yo, pou edikasyon, ak asistans teknik; c) ekip MEPA; epi d) Gwoup Travay Ant Ajans yo sou EJ.
- Fèy Enfòmasyon.** EEA dwe devlope fèy enfòmasyon sou MEPA, Akizisyon ak Renovasyon Teren Pak Massachusetts pou Kominote yo [Massachusetts Parkland Acquisitions and Renovations for Communities (PARC)] ak Akizisyon Lokal pou Divèsite Natirèl [Massachusetts Local Acquisitions for Natural Diversity (LAND)] nan Massachusetts, Fon pou Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Environmental Trust), ak lòt pwogram pou fè sitwayen ki nan katye yo konnen pwogram sa yo egziste ak fason yo fonksyone nan kote popilasyon EJ yo ap viv. Nan travay avèk ajans yo, Direktè a dwe detèmine nan ki lang li dwe pibliye fèy enfòmasyon yo.
- Òganizasyon EJ ak Lis Distribisyon.** Nan travay nan tèt ansanm avèk Konsèy Konsiltatif Jistis pou Anviwònman Gouvènè a, Direktè a dwe devlope yon lis òganizasyon kominotè ak òganizasyon defans EJ ak yon “Lis Distribisyon EJ” ki gen ladan òganizasyon sa yo ak manm enterese popilasyon EJ yo ak lòt popilasyon. EEA ap distribiye lis sa a ba tout Sekretarya yo dwe mete nan lis distribisyon yo pou bilten ak lòt enfòmasyon jeneral sou asistans, tankou vèsyon ajou antreten ki fèt annapre yo.
- Lòt Kalite Rezo Medya.** EEA dwe devlope yon lis ki gen lòt kalite rezo enfòmasyon pou yo mete disponib pou ajans EEA k ap chèche kòmantè piblik epi pou yo prevwa eleman yo ka mande yo po pibliye avi piblik pou pwojè ki nan popilasyon EJ yo oswa ki ka gen konsekans sou yo. EEA dwe

kontinye antreteni lis sa a lè li ajoute nouvo rezo, jan li nesesè, pou zòn EJ yo fèk idantifye, pou kenbe enfòmasyon pou pran kontak yo ajou, epitou lè yo efase rezo ki pa nan biznis ankò oswa ki pa enpòtan pou objektif sa a.

**6. Depo Enfòmasyon yo.** Anplis itilizasyon depo enfòmasyon nòmal gouvènman, EEA, sou demann, dwe anvizaje itilize lòt kalite depo enfòmasyon ki nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv, tankou biling Ajans ki pa pou Gouvènman yo.

**7. Gwoup Travay Ant Ajans yo sou Jistis pou Anviwònman.** Dekrè Egzekitif 552 mande pou yo kreye yon Gwoup Travay Ant Ajans yo sou Jistis pou Anviwònman ki fòme avèk Kowòdonatè yo chwazi nan chak Sekretarya. Gwoup Travay Ant Ajans yo sou Jistis pou Anviwònman ap chèche ogmante resous leta, rechèch ak asistans teknik nèt pou sipòte objektif Dekrè Egzekitif 552 ak Politik sa a. Se Direktè Jistis pou Anviwònman EEA k ap alatèt Gwoup Travay Entè-Ajans, epitou Gwoup la ap reyini chak peryòd pou asire yo evalye ak rezoud enkyetid sou jistis pou anviwònman an kòmsadwa.

**8. Kat Jewografik EJ.** MASSGIS prepare kat jewografik detaye sou done Resansman 2010 Etazini pou idantifye EJ ki dwe resevwa sèvis dapre Politik sa a. MASSGIS ap fè modifikasyon nan kat jewografik sa yo omwen chak dis (10) jou lè nouvo done sou Resansman Etazini vin disponib, tankou men pa sèlman, done ki nan baz done Sondaj sou Kominote Ameriken [American Community Survey (ACS)].

**9. Sitwèb EJ.** EEA dwe kreye ak modifye yon depo EJ sou entènèt kòmsadwa pou enfòmasyon sou aktivite, pwogram ak resous jistis pou anviwònman Eta a,

### **Sèvis Ajans EEA yo**

#### *Kondisyon Jeneral yo*

**10. Estrateji EJ pou Sekretarya a.** Ajans EEA yo dwe devlope estrateji pa yo pou yo ankouraje jistis pou anviwònman an yon fason dinamik nan tout katye yo nan fason ki adapte avèk misyon ajans lan. Lè ajans EEA yo fè sa, yo dwe anvizaje kijan pou entwodui konsiderasyon pou jistis pou anviwònman an nan depatman yo avèk règleman, pwogram ak lòt estrateji. Anplis sèvis patikilye ki déjà endike anba la a, ajans EEA yo dwe idantifye ak sipòte pwojè ajans lan finanse yo, desizyon sou finansman, gwoup règ yo oswa lòt aksyon ki la pou kore jistis pou anviwònman an toupatou nan Eta a. Y ap gwoupe estrateji sa y nan yon Estrateji EJ pou Sekretarya a epi y ap finalize yo anvan yon dat Sekretè a ap detèmine.

**11. Angajman nan Nivo Granmoun Aje yo.** Tout ajans EEA yo dwe deziyen pwen kontak EJ pou toujou kore Direktè Jistis pou Anviwònman an ak Gwoup Travay Ant Eta yo sou Jistis pou Anviwònman an.

#### *Fason pou Amelyore Patisipasyon Piblik la*

**12. Pwogram Ajans yo pou Patisipasyon Piblik la ak Angajman Kominote a.** Nan estrateji EJ EEA, tout ajans EEA yo dwe kreye yon pwogram patisipasyon piblik ki konsidere tout moun epi ki solid pou aksyon ajans enpòtan yo ki konsantre resous ajans yo sou aktivite asistans k ap amelyore posiblite pou piblik la patisipe pou aktivite ajans yo ki ka afekte popilasyon EJ yo. Chak ajans EEA dwe kreye yon Estrateji pou Patisipasyon Piblik ak Angajman Kominote a pou aktivite enpòtan yo, tankou yon plan pou aktivite gouvènman federal la finanse avèk obligasyon ki anvigè anba Tit VI Lwa sou Dwa Sivil. Lè ajans yo ap devlope estrateji sa yo pou patisipasyon piblik la ak angajman kominote a, ajans yo dwe konsidere efò asistans ki endike anba la yo:

- Pwogramre reyinyon oswa odyans piblik nan kote ak lè ki bon pou moun ki konsène nan katye yo, epitou anrapò avèk disponiblite sèvis transpò pou piblik la;

- Ankouraje yo bay pèmisyon pou moun ki aplike yo òganize reyinyon anvan aplikasyon an avèk kominote lokal la, epi bay yo Fè Enfòmasyon EJ ak lis kontak Òganizasyon EJ;
- Tradui avi piblik yo ak lò dokiman enpòtan angajman piblik yo nan lang ki nan zòn ki gen moun ki pa konpetan nan lang Anglè.
- Bay entèprèt ak dokiman ki tradui nan reyinyon piblik yo jan sa apwopriye epi sou demann;
- Sou yon baz ka-pa-ka:
  - Mete youn oswa anpil depo enfòmasyon lokal anplas ki itil ak fasil pou gen aksè pou kominote ki afekte a, epitou mete enfòmasyon yo disponib sou entènèt;
  - Rasamble kontak medya lokal ki enpòtan pou kominote a (dapre kilti kominote a);
- Itilize lòt kalite teknik rezolisyón kote li apwopriye pou evite ak/oswa rezoud enkyetid kominote a;
- Bay avi yo alè pou katye ki ka afekte nan yon desizyon, epitou bay oryantasyon aklè sou pwosedi ki anvigè pou fè doleyans/kontestasyon; epi
- Bay enfòmasyon ak èd pou popilasyon EJ yo konsènan aplikasyon pou sibvansyon ak fasilitasyon sou règleman konsènan anviwònman, enèji oswa chanjman klima pou ede yo avèk konfòmite ak dirabilite.

**13. Pi Bon Patisipasyon Piblik la Anba MEPA.**<sup>1</sup> Nan angajman Sekretè a pou Jistis pou Anviwònman an, pi bon patisipasyon piblik la ap obligatwa pou pwojè sa yo jan yo fè revizyon dapre MEPA:

- (1) Nenpòt pwojè ki depase limit Fòm Avi konsènan Anviwònman an [Environmental Notification Form (ENF)] pou lè, dechè solid ak dechè danjere (ki pa pwojè pou solisyon), oswa tretman ak eliminasyon dlo ize ak depo dlo egou<sup>2</sup>; ak
- (2) Chantye pwojè a sou yon distans yon mil avèk Popilasyon EJ (oswa si se pwojè ki depase yon limit ENF pou lè a, yo chantye yo dwe sou yon distans senk mil avèk yon Popilasyon EJ).

Pi bon patisipasyon piblik la ka gen ladan itilizasyon lòt kalite rezo medya tankou bilten kominotè oswa bilten etnik, itilizasyon lòt kalite depo enfòmasyon, ak tradiksyon dokiman oswa sèvis entèpretasyon anvan ak pandan reyinyon piblik yo kote Popilasyon EJ enpòtan an itilize yon lang natifnatal ki pa Anglè lakay yo.

*Fason pou Amelyore Revizyon Nouvo Pwojè MEPA yo nan Popilasyon EJ yo*

**14. Pi Bon Analiz sou Konsekans yo ak Diminisyon Dega Anba MEPA.**<sup>3</sup> Anplis kondisyon yo pou pi bon patisipasyon piblik la ki endike nan seksyon 13 anwo a, pi bon analiz ap obligatwa nan objektif Rapò sou Konsekans sou Anviwònman an [Environmental Impact Report (EIR)] pou pwojè ki:

- (1) Depase yon limit obligatwa EIR pou lè a, dechè solid ak dechè danjere (ki pa pwojè pou solisyon), oswa tretman ak eliminasyon depo dlo ize ak dlo egou; *epi*
- (2) Sou yon distans yon mil avèk yon Popilasyon EJ (oswa si se pwojè ki depase yon limit obligatwa EIR pou lè a, pwojè a dwe sou yon distans senk mil avèk yon Popilasyon EJ)<sup>4</sup>. Eleman pwojè a ka soumèt vrè done sou modelizasyon lè a sou zòn konsekans posib pwojè a sou lè a nan objektif EIR pou modifye zòn senk (5) mil ki afekte a ki gen pou wou ak kondisyon (2) ki endike anwo a.

<sup>1</sup>Pwojè ki ranpli yon Fòm Avi konsènan Anviwònman an anvan 1ye oktòb 2002 pa dwe depannde Seksyon 13 oswa 14, sof si gen yon chanjman enpòtan annapre nan pwojè yo pwopoze a.

<sup>2</sup> Yo detèmine limit MEPA ki anvigè pou yon ENF nan 301 CMR 11.03(5)(b)(1), 301 CMR 11.03(5)(b)(2), 301CMR 11.03(5)(b)(5), 301 CMR 11.03 (8)(b), ak 301 CMR 11.03(9)(b).

<sup>3</sup>Pwojè ki ranpli yon Fòm Avi konsènan Anviwònman an anvan 1ye oktòb 2002 pa dwe depannde Seksyon 13 oswa 14, sof si gen yon gwo chanjman annapre nan pwojè yo pwopoze a.

<sup>4</sup>Yo detèmine limit MEPA ki anvigè pou yon EIR nan 301CMR 11.03(5)(a)(1), 301 CMR 11.03(5)(a)(6), 301 CMR 11.03(8)(a)(1), ak 301 CMR 11.03(9)(a).

Pi bon analize konsekans ak diminisyon dega ka gen ladan analiz anpil konsekans sou lè a; done sou kondisyon debaz sante piblik la nan Popilasyon EJ ki afekte a; analiz lòt mwayen teknolojik, lòt mwayen pou planifikasyon chantye, ak lòt mwayen operasyonèl pou redui konsekans yo; ak mezi yo pwopoze anplas ak deyò chantye yo pou diminye dega yo pou redui anpil konsekans epitou pou ogmante avantaj pou anviwònman an ak avantaj enèjetik pou Popilasyon EJ ki afekte a.

**15. Revizyon Limite yo.** Jan Dekrè Egzekitif 552 egzije sa, MEPA dwe chèche ak konsidere remak moun ki konsène yo sou ki limit ki apwopriye pou jwenn pi bon patisipasyon ak/oswa pi bon analiz.

**16. Kolaborasyon avèk Direktè EJ.** Pou nenpòt pwojè yo chwazi nan yon Popilasyon EJ, jan sa defini nan Politik sa a, Biwo MEPA dwe pran angajman pou kolabore avèk Direktè Jistis pou Anviwònman sou fason pou asire eleman pwojè a pran mezi ki apwopriye pou abòde nenpòt konsekans sou anviwònman an pwojè a ka genyen sou popilasyon EJ ki egziste deja. Sa ap gen ladan, men pa sèlman, idantifikasiyon lang ki ka aplike pou tradiksyon avi piblik yo ak ankourajman eleman yo pou yo travay avèk òganizasyon EJ aktif yo nan zòn yo chwazi pou pwojè a.

### **17. Pi Bon Patisipasyon Piblik la ak Analiz Konsekans ak Diminisyon Dega Anba Konsèy Administrasyon Enstalasyon Enèjetik ki Patisipe nan Odyans (“Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans”)**

Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans dwe kontinye itilize pwosedi patisipasyon piblik la nan revizyon li fè sou petisyon pou enstalasyon enèjetik dapre paramèt pwojè ki defini MEPA itilize, epi ki note nan Seksyon 14 ki endike anwo a. Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans dwe kontinye egzije moun ki fè petisyon yo pou yo tradui avi pou odyans piblik yo nan lang ki enpòtan pou popilasyon jistis pou anviwònman ki afekte yo epi pou pibliye avi sa yo nan rezo medya yo nan lang Anglè ak lang etranje, epitou pou yo afiche avi yo nan biwo kominotè ki an kontak avèk popilasyon EJ yo. Answit, Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans yo dwe kontinye egzije tradiktè yo pou yo disponib nan odyans pou kòmantè piblik yo pou pwojè ki genyen kote popilasyon EJ yo prezan.

Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans yo gen obligasyon dapre lalwa pou evalye konsekans yo sou lè a, sou resous dlo, sou teren marekaj, konsekans vizyèl, konsekans bwi, konsekans itilizasyon teren lokal ak rejjonal, ak konsekans kimilatif sou sante pou enstalasyon pwodiksyon jiridiksyonèl yo. Desizyon Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans yo pran gen ladan mezi pou diminye konsekans yo pou kominote ki afekte yo. Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans yo ap konsidere tèm “konsekans kimilatif sou sante” pou gwoupe tout kalite efè yon enstalasyon yo pwopoze kapab gen sou sante moun akòz ekspozisyon nan bwi, chan elektwo-mayetik ak sibstans ki emèt pandan konstwiksyon ak operasyon enstalasyon yo, ak posib efè sou sante moun ki pa gen pou wè ak sibstans yo. Konsèy Administrasyon ki Patisipe nan Odyans yo ap konsidere efè sa yo nan kontèks kondisyon debaz sante ki egziste deja ak kondisyon jeneral ki egziste deja epitou, lè li apwopriye, chanjman ki ka genyen nan kontribisyon lòt gwo sous emisyon yo.

#### *Fason pou Sible Konfòmite, Aplikasyon ak Asistans Teknik*

**18. Sansibilizasyon.** Tout ekip ajans EEA k ap sèvi kòm pwen kontak EJ yo dwe travay pou asire yo montre patisipasyon tout piblik la ak sansibilizasyon serye lè y ap travay avèk popilasyon EJ yo. Pwen kontak EJ yo dwe travay avèk ajans yo pou idantifye lè yon kominote ap bezwen planifikasyon ak angajman ki pi konplè akòz sitiyasyon yo kòm yon popilasyon EJ.

**19. Konfòmite, Aplikasyon ak Asistans Sible.** Ajans konfòmite avèk anviwònman an ak aplikasyon ak ajans asistans yo (tankou MassDEP) dwe devlope pwogram konfòmite sible pou katye kore popilasyon EJ yo ap viv ak kote kondisyon anviwònman ak sante lokal atire atansyon yo pi plis.

**20. Pwojè ki Baze nan Kominote.** EEA dwe devlope ak antreteni yon lis pwojè ki baze nan kominote ajans yo ak moun deyò ki konsène yo ka itilize lè y ap konsidere posiblite pou diminye dega pwojè yo (pa egzanp, Pwojè Siplementè pou Anviwònman an ki soti nan aksyon aplikasyon MassDEP).

**21. Asistans pou Konfòmite.** Sou yon baz ki regilye epi k ap kontinye, ajans EEA yo dwe ede ajans federal yo, konsèy administrasyon biwo sante lokal yo ak lòt biwo minisipal yo, ak òganizasyon kominotè ki nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv pou yo rezoud pwoblèm konfòmite ki gen pou wè ak jiridiksyon ajans EEA.

**22. Sèvis OTA.** Sou yon baz regilye epi k ap kontinye, Biwo Asistans Teknik [Office of Technical Assistance (OTA)] EEA dwe bay sèvis pou nouvo enstalasyon yo ak enstalasyon k ap agrandi ki nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv avèk pwogram “Right from the Start” pou bay konsèy sou rediksyon itilizasyon toksik.

**23. Sante Piblik.** EEA ak MassDEP dwe reyini souvan avèk DPH pou yo kowòdone sou pwoblèm anviwònman an ki ka afekte sante piblik la, tankou zafè ki gen pou wè ak ekspozisyon nan anpil sous polisyon ak efò ki konsantre sou kominote EJ yo.

### **Envestisman nan Ekonomi an ak Espas Louvri yo**

EEA ak ajans li yo dwe konsidere jistics pou anviwònman an kòm yon kritè pou yo bay sibvansyon ak priyорite pou finansman pwogram yo pou benefisyè ki aplikab. Answit, EEA ak ajans li yo dwe kontinye bay priyорite pou kominote EJ yo nan pratik planifikasyon atantif ak konsiderasyon apwofondi lè y ap bay pèmisyon ak lè y ap fè developman.

#### *Fason pou Ankouraje Modènizasyon Zòn Endistriyèl yo kòm Reparasyon Anviwònman an*

EEA dwe kontinye bay priyорite pou kominote EJ yo nan travay kolaborasyon li avèk patnè leta, patnè lokal ak patnè federal yo pou ogmante pwogram reyabilitasyon yo ak pwogram re-devlopman yo, tankou travay avèk Depatman Lojman ak Devlopman Ekonomik (Department of Housing and Economic Development), MassDevelopment, Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts, Depatman Revni (Department of Revenue), Depatman Transpò Massachusetts (Massachusetts Department of Transportation), Depatman Resous Enèjetik (Department of Energy Resources), Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency), Depatman Lojman ak Devlopman Iben (U.S. Department of Housing and Urban Development), ak lòt moun ki konsène nan sektè minisipal, reyonal, sektè òganizasyon ki pa komèsyal, ak sektè prive a.

#### *Fason pou Ankouraje Patenarya Ekonomik*

EEA te kontinye epi li dwe kontinye travay avèk Biwo Egzekitif Lojman ak Devlopman Ekonomik [Housing and Economic Development (HED)] pou ankouraje patenarya ekonomik. Yon fason espesifik, EEA dwe travay avèk HED pou ankouraje pwojè devlopman ekonomik yo ki entwodui pratik pwodiksyon pi pwòp nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv. Sa ap gen ladan, men pa sèlman, kolaborasyon avèk ajans enpòtan ki endike anba la yo:

**24. EACC.** Avèk èd HED, EEA dwe mande fòmèlman pou Komite Kowòdinasyon Èd Ekonomik [Economic Assistance Coordinating Council (EACC)] adopte yon pwopozisyon ki ta ankouraje nouvo operasyon manifakti yo ak sa ki egziste deja k ap chèche jwenn prim ankourajman avèk Pwogram Prim Ankourajman pou Devlopman Ekonomik (Economic Development Incentive Program) pou konsilte avèk OTA sou pratik manifakti pwodiksyon ki pi pwòp.

**25. MOBD.** Biwo Massachusetts pou Developman Biznis [Massachusetts Office of Business Development (MOBD)] pral kowòdone avèk EEA pou konekte afè jistis ekonomik ak jistis pou anviwònman an yon fason ki pi efikas nan nivo katye a.

**26. DHCD.** EEA dwe travay anpil avèk Depatman Lojman ak Developman Kominote [Department of Housing and Community Development (DHCD)] pou ogmante avantaj resous li yo nèt sou pwoblèm kwasans ak devlopman kominotè nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv.

*Pwomosyon sou Espas Louvri yo*

**27. Resous Sible pou Espas ki Louvri yo** EEA dwe fè tout sa ki posib pou sible resous li yo pou kreye, repare ak antreteni avèk plis efikasite espas louvri yo ki nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv.

**28. Pwogram PARC ak LAND.** EEA te fè modifikasyon nan règleman sou pwogram PARC ak LAND pou entwodui jistis pou anviwònman an nan sistèm pou bay eskò pou bay sibvansyon.

**29. Wout Navigab ak MET.** EEA dwe travay avèk Divizyon Reparasyon Ekologik (Division of Ecological Restoration) Depatman Lapèch ak Lachas (Department of Fish and Game) ak Fon pou Anviwònman Massachusetts [Massachusetts Environmental Trust (MET)] pou devlope sistèm pou entwodui jistis pou anviwònman kòm yon kritè pou bay sibvansyon yo avèk objektif pou gen sistèm sa yo anplas anvan pwochen sik finansman pou pwogram sibvansyon sa yo.

**30. ILC.** Komite Ant Ajans yo pou Teren [Interagency Land Committee (ILC)], ki fòme avèk reprezante Depatman Resous Agrikòl [Department of Agricultural Resources (DAR)], Depatman Konsèvasyon ak Lwazi [Conservation and Recreation (DCR)], Depatman Lapèch ak Lachas [Department of Fish and Game (DFG)], ak EEA ki administre tout pwogram sibvansyon pou teren ak pak ak pwogram akizisyon teren ajans yo, dwe fè li vin yon priyrite pou ankouraje konsèvasyon ak reparasyon espas louvri yo ki nan katye kote popilasyon EJ yo ap viv.

**31. Eksplwatasyon Forè Lavil.** Pou ede amelyore kalite anviwònman katye lavil yo, EEA dwe, nan patenarya avèk DCR, egzekite pwogram Eksplwatasyon Forè lavi ak pwogram pou Fè Vil Kalfou yo Vin Ekologik pou ogmante kote ki kouvri avèk forè lavi yo nan katye EJ yo avèk sibvansyon, fòmasyon, ak pwogram plante pyebwa.

**32. Adaptasyon.** Ajans EEA yo dwe konsidere konsekans kounye a ak konsekans pidevan chanjman klima a pral genyen sou popilasyon EJ yo. Lè ajans EEA yo ap fè sa, yo dwe pran mezi apwopriye pou asire popilasyon EJ yo pwoteje egalego kont danje ak risk pou sante yo chanjman klima a enpoze pidevan, epitou pou popilasyon EJ yo jwenn bon jan enfòmasyon sou mezi apwopriye yo pran pou ogmante mwayen adaptasyon yo. Answit, ajans EEA yo dwe kolabore avèk lòt Sekretarya yo lè y ap bay sibvansyon pou rezistans klima a pou asire yo konsidere popilasyon frajil yo nan pwosesis la.

### AVÈTISMAN

Politik sa a pa la pou ranplase lwa oswa règleman ki egziste deja. Ajans EEA yo dwe aplike Politik sa a annamoni avèk lwa ki egziste deja epitou nan limit lwa sa yo bay otorizasyon. Politik sa a la sèlman pou amelyore jesyon entèn ajans EEA yo epitou li pa la pou kreye ni li pa kreye okenn dwa, avantaj, oswa obligasyon fidisyè, ki enpòtan oswa pou pwo sedi, ki aplikab nan lwa oswa ekite yon moun ki konsène kont EEA, ajans li yo, fonksyonè li yo, oswa nenpòt moun. Yo pa dwe entèprete Politik sa a kòm yon Politik pou kreye nenpòt dwa pou revizyon jidis y ki konsène konfòmite oswa non-konfòmite EEA, ajans

li yo, fonksyonè li yo, oswa nenpòt lòt moun avèk Politik sa a. Politik sa a pa la pou kontwole ajans ki deyò sekretarya EEA, sof nan limit ajans sa yo gen desizyon ki annatant devan ajans EEA yo.

**DAT LI ANVIGÈ**

Sekretè Matthew A. Beaton adopte Politik Jistis pou Anviwònman sa a k ap anvigè imedyatman lè yo egzekite li. Chak senk (5) ane, Sekretè a ap revize Politik sa a ak aplikasyon li, epi apre demann remak piblik la, li ka modifye Politik sa a pou li sèvi objektif li avèk plis efikasite.

**EGZEKISYON**

Egzekite nan dat XXX nan Boston, Massachusetts.

Moun ki siyen an:

Matthew A. Beaton  
Sekretè pou Afè Enèji ak Anviwònman